

Kesyon Yo Poze Souvan sou Vaksen kont COVID-19 yo pou Fanmi ak Edikatè

Jèn moun ki gen laj ant 12 ak 17 an kapab pran vaksen kont COVID-19 Pfizer a.

Pou jwenn yon lokal vaksinasyon toupre ou, ale sou nyc.gov/vaccinefinder oswa rele **877-829-4692**. Gen anpil lokal ki pa egzije pou w gen randevou.

- Vaksen yo gratis! Ou pa bezwen asirans maladi pou ou pran vaksen an.
- Paran yo oswa responsab legal yo dwe bay otorizasyon an pèsonn oswa pa telefòn pou yon minè kapab pran vaksen an. Gen anpil kote ki aksepte otorizasyon ekri tou. Tout moun ki gen laj ant 12 ak 15 an dwe gen yon granmoun avèk yo.
- Prè vè laj, tankou pyès idantite oswa batistè, obligatwa. Yon paran oswa responsab legal gen dwa konfime laj la onon minè a tou.
- Yo te teste vaksen Pfizer a sou moun ki gen laj ant 12 ak 17 an nan etid klinik e yo montre yo san danje epi yo bay rezilta kont maladi COVID-19. Gen efè segondè souvan e sa vle di kò ou ap devlope iminite!

1. Poukisa yon moun ki gen mwens pase 18 an bezwen pran vaksen? Mwen te konprann COVID-19 pa gen efè sou timoun.

Moun tout laj kapab trape COVID-19. Menm si COVID-19 abityèlman pi danjre pou granmoun, gen timoun ki vin malad anpil e ki mouri anba COVID-19. Gen moun ki gen pwoblèm ki pa janm ale tou lè yo fin gen COVID-19, tankou pwoblèm respirasyon oswa fatig kwonik.


Lè ou fè timoun yo pran vaksen an sa ede pwoteje lòt moun tou, tankou granparan ak fanmi ki gen pwoblèm medikal ki fè yo gen plis risk gen ka grav. Li menm ede moun nan kominote w lan, kòm lè ou vaksinen sa ede sispann pwopagasyon viris la. Gen anpil timoun ki kapab trape ak simaye viris la toujou menm si yo pa santi yo malad.

2. Èske m oblije pran vaksen an?

Tout moun gen chwa nan zafè pran vaksen an. Nou vle pou moun gen enfòmasyon yo bezwen yo pou pran desizyon.

**NYC VACCINE FOR ALL:
SAFE, FREE, EASY**

NYC



3. Ki kote yon moun ki gen mwens pase 18 an kapab pran vaksen an?

Pran vaksen an nan NYC se bagay fasil. Ou kapab ale sou nyc.gov/vaccinefinder oswa rele **877-829-4692** pou jwenn yon kote toupre ou. Moun ki gen laj ant 12 ak 17 an kapab pran vaksen Pfizer a sèlman, donk pa bliye chèche yon kote ki ofri vaksen sa a.

4. Kijan nou fè konnen vaksen yo mache pou timoun?

Yo te etidye vaksen Pfizer a kay timoun e li montre li san danje epi bay rezilta. Administrasyon Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration) Etazini an ak lòt òganizasyon epitou espesyalis endepandan te kontwole pwosesis la de prè.

5. Kisa efè segondè yo ye? Èske l ap fè mal?

Yon jèn moun gen dwa santi yon ti doulè pandan l ap pran vaksen an, menm jan ak nenpòt ki lòt piki. Apre sa, bra a gen dwa sansib kote li te pran piki an, e li gen dwa santi li fatige oswa gen doulè, maltèt, oswa li gen dwa gen lafyèv. Bagay sa yo se abityèlman siy kò a ap devlope pwoteksyon. Efè segondè yo dire an jeneral youn rive de (2) jou. Si ou ap trakase poutèt efè segondè, pale avèk doktè timoun ou an oswa rele **311**.

Vaksen Pfizer a egzije de (2) piki. Li enpòtan pou pran dezyèm piki an menm si ou oswa pitit ou a gen efè segondè apre premye piki an.

6. Konbyen vaksen an koute? E si nou pa gen asirans?

Vaksen an gratis e ou pa bezwen asirans pou w pran li. Si ou genyen asirans, yo gen dwa voye bòdwo ba li, men ou p ap bezwen peye ni kopeman ni lòt frè.

7. Fanmi mwen pa gen doktè. Kiyès pou mwen rele si mwen gen kesyon?

Pou plis enfòmasyon sou vaksen yo, ale sou nyc.gov/covidvaccine oswa sou cdc.gov/covidvaccine. Ou kapab rele **311** tou epi mande pale ak yon moun sou vaksen COVID-19 yo.

8. Kisa yon jèn moun kapab fè lè li fin pran vaksen an?

Tout aktivite yo vin gen mwens danje lè yon moun fin vaksinen nèt! Moun ki vaksinen nèt yo kapab re pran aktivite yo te renmen yo anvan pandemi an e yo kapab fè pifò aktivite san mete kachnen ak san yo pa bezwen pratike distans fizik. Nan sèten kote, fò moun yo kenbe mask yo sou figi yo, menm si yo vaksinen. Sa gen ladan lekòl, transpò piblik, magazen ak lòt espas piblik si mèt oswa administratè kote a egzije li.

Nou rekòmande pou tout moun kenbe kachnen yo lè yo andedan jiskaske gen plis moun ki vaksinen.

9. Èske moun ki gen laj ant 12 ak 17 an bezwen otorizasyon pou yo pran vaksen an?

Wi. Yon paran oswa responsab legal dwe bay konsantman. Yo kapab bay konsantman an an pèsonn oswa pa telefòn nan moman randevou a. Gen lokal vaksinasyon ki aksepte konsantman ekri tou, sa gen ladan tout lokal Vil la ap jere yo. Timoun ki gen laj ant 12 ak 15 an dwe gen yon paran oswa responsab legal oswa yon lòt granmoun ke paran an oswa responsab legal la chwazi ki akonpaye yo nan lokal vaksinasyon an.

Yon jèn moun ap bezwen yon prèv laj li, tankou batistè li oswa yon pyès idantite ki gen dat li fèt. Si li pa gen prèv laj li, yon paran oswa responsab legal kapab sètifye laj li. Ou pa bezwen bay estati imigrasyon ou pou pran vaksen an.

Ou pa bezwen randevou pou kote ki pi ba yo. Pou jwenn lòt kote, ale sou nyc.gov/vaccinefinder epi chèche pa tip vaksen "Pfizer."

Brooklyn

**NYC Health + Hospitals,
Coney Island**
2601 Ocean Parkway
Brooklyn, NY 11235

**NYC Health + Hospitals,
Kings County**
451 Clarkson Ave.
Brooklyn, NY 11203

**NYC Health + Hospitals,
Woodhull**
760 Broadway
Brooklyn, NY 11206

**NYC Vaccine Hub -
St. Nicks Alliance**
211 Ainslie St.
Brooklyn, NY 11211

**NYC Vaccine Hub -
Flatbush YMCA**
1401 Flatbush Ave.
Brooklyn, NY 11210

**NYC Vaccine Hub -
Starrett City/Spring
Creek Towers
Cityblock Health**
1310 Pennsylvania Ave.
Brooklyn, NY 11239

**Barclays Center -
Modell's Sports**
140 Flatbush Ave.
Brooklyn, NY 11217

**NYC Vaccine Hub - Brooklyn
Children's Museum**
145 Brooklyn Avenue
Brooklyn, NY 11203

Bronx

**Bronx Zoo
Vaccination Site**
2300 Southern Blvd.
Bronx, NY 10460

**NYS - Bay Eden
Senior Center**
1220 E. 229th St.
Bronx, NY 10466

**NYC Health + Hospitals,
Jacobi**
1400 Pelham Parkway
South
Bronx, NY 10461

**NYC Health + Hospitals,
Lincoln**
234 E. 149th St.
Bronx, NY 10451

**NYC Health + Hospitals,
North Central Bronx**
3424 Kossuth Ave.
Bronx, NY 10467

**NYC Vaccine Hub -
Lehman College -
The Apex Center**
250 Bedford Park Blvd. West
Bronx, NY 10468

Manhattan

NYS - Javits Center
429 11th Ave.
Manhattan, NY 10018

**NYC Health + Hospitals,
Bellevue**
462 First Ave.
Manhattan, NY 10016

**NYC Health + Hospitals,
Harlem**
506 Lenox Ave.
Manhattan, NY 10037

**NYC Health + Hospitals,
Metropolitan**
1901 First Ave.
Manhattan, NY 10029

**NYC Vaccine Hub -
Yeshiva University**
2495 Amsterdam Ave.
Manhattan, NY 10033

**NYC Vaccine Hub - Abyssinian
Baptist Church**
132 West 138th St.
Manhattan, NY 10030

**NYC Vaccine Hub - American
Museum of Natural History**
200 Central Park West
Manhattan, NY 10024

**NYC Vaccine Hub - ATC
Vaccination Times Square
(Avan sa NFL Experience)**
20 Times Square
Manhattan, NY 10036

**NYC Vaccine Hub -
Fulton Center/Google**
119 9th Ave.
Manhattan, NY 10011

Staten Island

**Northwell SIUH -
Empire Outlets**
55 Richmond Terrace
Staten Island, NY 10301

**NYC Vaccine Hub - St. Joseph -
St. Thomas School**
50 Maguire Ave.
Staten Island, NY 10309

**Northwell SIUH -
Staten Island Mall**
280 Marsh Ave.
Staten Island, NY 10314

Queens

NYS - Aqueduct Racetrack
110-00 Rockaway Blvd.
Queens, NY 11420

Citi Field
36-2 126th St.
Queens, NY 11368

NYS-FEMA York College
160-02 Liberty Ave.
Queens, NY 11433

**NYC Health + Hospitals,
Elmhurst**
79-01 Broadway
Queens, NY 11373

**NYC Health + Hospitals,
Queens**
82-68 164th St.
Queens, NY 11432

**NYC Vaccine Hub -
Queensborough
Community College
Robert F. Kennedy Hall**
221-05 56th Ave.
Queens, NY 11364

**NYC Vaccine Hub - Korean
Community Services**
203-05 32nd Ave.
Queens, NY 11361

**NYC Vaccine Hub - Queens
Center Mall**
58-56 92nd St.
Queens, NY 11373

**NYC Vaccine Hub - Queens
Public Library at Ozone
Park**
92-24 Rockaway Blvd.
Queens, NY 11417

**Queens Public Library -
Flushing Library**
41-17 Main St.
Queens, NY 11355

